WE ARE YOUR DOL

NEW YORK STATE | Department of Labor

# Mesaj Pou Moun K ap Travay Nan Ayewopò ki Gen Asirans nan Endistri Ospitalite a

Ayewopò LaGuardia, Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy, ak lokal ki lye yo kote travayè sèvis tretè liy ayeryen* ayewopò ki asire yo ap travay.

*Sèvis tretè liy ayeryen yo se travay ki gen rapò avèk preparasyon oswa livrezon manje oswa bwason pou konsomasyon nan avyon k ap dekole nan lokal yon ayewopò ki sou asirans oswa yon lokal ki gen rapò avèk sa.

**Pri Salè Minimòn Estanda pa Èdtan ki an Vigè**

| | | |
|---|---|---|
| **Pi gran nan:**<br>Salè Minimòm Eta Nouyòk ki an Aplikasyon depi: | 31/12/2019 | **15,00$/èdtan.** |
| | | Lè siplemantè apre 40 èdtan 22,50$ |

| | | |
|---|---|---|
| Travayè Fast Food **15,00$/èdtan.**<br>Lè siplemantè aprè 40 èdtan 22,50$ | *Sèvis Anplwaye **12,50$/èdtan.**<br>Lè siplemantè aprè 40 èdtan 20,00$<br>Limit poubwa (ki pa travay la) 3,25$ | *Sèvis Tretè Moun k ap travay **10,00$/èdtan.**<br>Lè siplemantè aprè 40 èdtan 17,50$ |

| | | |
|---|---|---|
| **Oswa**<br>Salè Minimòm Administratif Pò ki an Aplikasyon depi: | 1/9/2021 | **17,00$/èdtan.** |
| | 1/9/2022 | **18,00$/èdtan.** |
| | 1/9/2023 | **19,00$/èdtan.** |
| **Plis**<br>Tarif Benefis Estanda Siplemantè ki an Aplikasyon depi: (Pou premye 40 èdtan yo konsènan depans kouvèti esansyèl minimòm yon plan swen sante patwon a sipòte, sa gen ladan tan lib) | 1/7/2021 | **4,54$/èdtan.** |

Si ou gen kesyon, ou bezwen pils enfòmasyon oswa ou vle depoze yon plent, tanpri ale sou:

www.labor.ny.gov/minimumwage oswa rele: **1-888-469-7365.**

Travayè Ayewopò ki Asire se nenpòt ki moun yo anboche pou fè yon travay nan lokal yon ayewopò (ak lokal ki lye yo) ki asire k ap travay omwen ½ nan lè travay yo pa semèn nan yon lokal ki asire, k ap travay depi 30/12/2020 e ki travay anviwon 30 èdtan pa semèn. Travayè Ayewopò ki Asire k ap travay nan domèn ospitalite fè travay sa yo: sèvis tretè liy ayeryen ak sèvis chanm nan ayewopò. Pwofesyonèl ki resevwa yon salè, oswa anplwaye egzekitif ak administratif ki touche 75 fwa plis pri salè minimòm nan chak semèn yo, **pa travayè ayewopò ki asire.** Deskripsyon detaye yo disponib sou www.labor.ny.gov

**Kredi ak Alokasyon**

**Poubwa –** Patwon w la ka itilize yon montan limite nan poubwa ou yo pou diminye salè w. Sa a rele yon kredi pouvwa. Patwon w lan ka pran yon kredi poubwa sèlman si poubwa w yo mete ak salè w bay total omwen salè minimòm nan. Yo dwe omwen toujou peye montan salè ki mansyone pi wo yo. Montan kredi tep (tip credit)* la se menm avèk lè siplemantè.

**Manje ak lojman –** Patwon w la ka reklame yon kantite lajan limite nan salè w pou manje ak lojman yo ba ou, depi yo pa fè w peye pou anyen ankò. Tarif ak egzijans yo etabli nan òdonans salè ak nan rezime yo, yo disponib sou entènèt.

**Pèman anplis** yo ka dwe w plis ke tarif salè minimòm ki mansyone pi wo a:

- **Siplemantè –** Yo dwe peye w 1½ fwa pri yo abitye peye w la (pa pi piti ke montan ki mansyone pi wo a) pou lè pa semèn ki depase 40 èdtan.
- **Pèman paske yo rele w vin travay –** Si w al travay selon orè a epi patwon w la voye w lakay ou bonè, ou fèt pou touche pou rès lè yo nan tarif salè minimòm nan pou jou a.
- **Si w travay plis ke dizèdtan –** Si jounen travay dire plis pase dizèdtan, ou fèt pou w resevwa pèman anplis chak jou. Montan chak jou a egal a inèdtan pèman nan pri salè minimòm lan.
- **Antretyen inifòm –** Si se ou ki lave pwòp inifòm ou, ou fèt pou w resevwa pèman anplis chak semèn. Pri chak semèn yo disponib sou entènèt.